



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVÈL MEZI POU EDE FANMI PÒTORIKÈN KI DEPLASE YO NAN ETA NEW YORK

Etabli Nouvo Pwogram Jesyon Ka pou 1 Milyon Dola pou Konekte Moun Pòtoriko Ki Deplase yo ak Sèvis Sosyal, Opòtinite Lojman ak Anplwa yo

Anonse Jiska 10 Milyon Dola pou Sipòte Fòmasyon Travay ki Sible ak Plasman atravè Depatman Travay

Gouvènè a Voye Yon Lèt bay FEMA ak HUD Pou Mande Ekstansyon Pwogram Asistans pou Abri Tranzisyonèl lan ak Aktivasyon Pwogram Asistans Lokatif pou Dezas lan - Gade Lèt lan [La a](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvel mezi pou asiste fanmi Pòtorikèn yo nan New York ki te fòse kouri kite lakay yo ape ke Ouragan Maria te devaste zile a. Ak asistans alokatif federal lan ki planifye pou ekspire nan fen mwa Jen an, Gouvènè a ap òdone Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) etabli yon nouvo pwogram 1 milyon dola pou bay sèvis jesyon ka ki djanm pou moun Pòtoriko ki deplase yo, epi òdone Depatman Travay lan (Department of Labor, DOL) bay jiska 10 milyon dola nan fòmasyon travay ak plasman. An plis, Gouvènè an ap mande gouvènman federal lan pou li pwolonje Pwogram Asistans pou Abri Tranzisyonèl lan (Transitional Sheltering Assistance Program, TSA) epi pou aktive imedyatman Pwogram Asistans Lokatif pou Dezas lan (Disaster Housing Assistance Program) pou asire aksè a lojman ki a pri abòdab.

“New York te kanpe bò kote Pòtoriko depi premye jou an, nan akeyi fanmi ak moun ki te gen lavi yo ki chavire ak kay yo ki detwi akòz Ouragan Maria”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak gouvènman federal lan ki yon lòt fwa ankò vire do bay moun Pòtoriko nan pèmèt asistans yo ekspire lontan anvan travay yo fin fèt, New York angaje nan ede konpayon Ameriken nou yo rekonstwi epi rekipere jiskaske zile a vin pi djanm epi pi byen ke anvan.”

Sou òdonans Gouvènè Cuomo, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York ap lanse yon nouvo pwogram jesyon ka pou 1 milyon dola pou konekte moun Pòtoriko ki te evakye yo ak pwogram lojman ki a pri abòda yo ki finanse pa Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal) nan New York. Yo pral distribiye finansman an bay BronxWorks, Inc., CAMBA, Catholic Charities of the

Archdiocese of New York lan, ak RiseBoro Community Partnership. Òganizasyon sa yo pral asiste moun ki evakye yo nan idantifye opsyon lokatif ki apwopriye epi ki a pri abòdab yo, konplete aplikasyon alokatif yo, jwenn asistans depans pou amenajman ak mèb yo, epi achte lòt resous.

Epi tou sou òdonans Gouvènè Cuomo, Depatman Travay Eta New York lan pral mete jiska 10 milyon dola disponib pou bay fòmasyon travay ak plasman pou moun Pòtoriko ki deplase yo nan Eta New York. DOL te garanti jiska 10 milyon dola nan fon Sibvansyon pou Evakye Rekiperasyon apre Dezas lan (Disaster Recovery Evacuee Grant) nan Depatman Travay Ameriken an pou bay sèvis pou rejwenn anplwa yo, ak 1 milyon dola ki disponib imedyatman. DOL pral travay ak òganizasyon ki baze nan kominote yo pou evalye pwofil aptitud moun ki ap chèche travay yo epi konekte yo ak opòtinite fòmasyon yo, refere yo nan pozisyon travay ki disponib yo bay biznis New York yo, epi relye yo ak lòt sèvis sipò ki disponib yo.

An plis, Gouvènè an te voye yon lèt bay Ajans Jesyon Ijans Federal lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak Depatman Devlopman Lojman ak Iben Ameriken an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) pou mande yo pwolonje dat limit 30 Jen an pou Pwogram Asistans pou Abri Tranzisyonèl lan, pliske plizyè fanmi toujou poko genyen lojman seren, ki sekirize pou retounen ladan nan Pòtoriko. Gouvènè an te mande tou pou fè aktivasyon Pwogram Asistans Lokatif pou Dezas lan, ki te yon resous ki enpòtan anpil pou fanmi yo ki nan bezwen apre divès dezas natirèl, ki enkli Gwo Tanpèt Sandy a.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape yo Samuel D. Roberts te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap kontinye ede moun Pòtoriko jere sikonstans devastatris sa yo. Nan bay aksè a sèvis ki enpòtan anpil yo, moun ak fanmi yo kapab retounen etabli tèt yo epi kòmanse ak pwosesis pou retounen mete lavi yo sou pye”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, “Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York ap sèvi kòm yon nouvo kay pou sila yo ki te kouri kite destwiksyon akòz gwo tanpèt sa yo. Mwen fyè pou mwen rejwenn Gouvènè an nan efò nou ap fè ki ap kontinye yo pou asire ke Ameriken ki deplase sa yo kontinye gen sekirite pou gen yon kay”.

Komisè Depatman Travay Eta a, Roberta Reardon, te deklare, “Sou òdonans Gouvènè Cuomo, Depatman Travay Eta New York lan rete pare pou asiste sila yo ki te souffri atravè devastasyon ouragan ane pase yo. Finansman adisyonèl sa pral pèmèt nou elaji efò nou yo pou konekte nouvo vwazen nou yo ak anplwa ke yo bezwen pou ka totalman reyalize opòtinite ke eta an deyò a gen pou ofri”.

Pou kapab jwenn enfòmasyon adisyonèl, sou pwogram jesyon ka OTDA a ak sèvis fòmasyon travay ak plasman DOL yo, voye yon imèl bay nyspio@otda.ny.gov oswa rele 1-800-342-3009 pou ka jwenn asistans alafwa an Angle ak Panyòl.

Yo ankouraje moun ki ka pèdi asistans alokatif federal yo lè pwogram TSA FEMA a fini yo pou yo rele oswa vizite [depatman sèvis sosyal](#) lokal yo pou ede yo reponn a nesite lojman imedya yo. Moun ki evakye sa yo pral gen aksè a seri sèvis sipò ki disponib pou

tout abitan New York ki gen revni fèb yo pou ede reponn a nesese bazik yo, ki enkli lojman ak alimantasyon.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè a te anonse ke Konsèy Administrasyon SUNY ak Konsèy Administrasyon CUNY an yo pral elaji frè ansèyman pou rezidan eta a yo pou etidyan ki te deplase akòz Ouragan Maria ak Irma yo. Agrandisman otorizasyon an pral pèmèt etidyan ki soti Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo enskri nan inivèsite eta opere yo pou ane akademik 2018-2019 la nan yon pri ki mwens chè pou yo ka soulaje fado yo pandan fanmi yo ap rekipere yo apre devastasyon katastwòf natirèl sa yo te kite dèyè yo. Nan semès prentan 2018 lan, anviwon senkant etidyan ki deplase yo te tire avantaj de pri frè ansèyman pou rezidan eta a nan inivèsite SUNY yo ak 200 etidyan ki deplase yo nan inivèsite CUNY yo.

Efò New York ap fè nan Pòtoriko a yo

Depi Ouragan Maria te atèri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko kat fwa epi li te kontinyèlman voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Rekiperasyon Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ki te finalman distribiye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don atravè eta a yo. Eta New York la te deplwaye plis pase 1,000 pèsònèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik ak espesyalis pou ede avèk retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Mwa sa, Gouvènè an te anonse premye deplwaman volontè yo pou *Inisyativ New York Kanpe ak Rekiperasyon ak Rekonstwiksyon Pòtoriko (NY Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative)* pandan tout sezon ete a. Pandan sezon ete a, anviwon 500 etidyan volontè CUNY ak SUNY ak plizyè douzèn volontè travay ki kalifye yo pral travay ak òganizasyon rekonstwiksyon san bi likratif yo ki se All Hands and Hearts, HEART 9/11, ak NECHAMA pou netwaye, retabli, epi rekonstwi kay yo. Yo pral deplwaye etidyan yo pandan 2 semèn, konplete yon pwogram eskolè entansif aprantisaj ki aplike, epi resevwa kredi inivèsite yo. UNICEF USA te pran angajman pou bay finansman pou sipòte efò sa a.

An repons a analiz ke Harvard School of Public Health te pibliye resamman an ki te estime ke kantite moun ki te mouri nan Ouragan Maria te ka 70 fwa pi wo pase estimasyon ofisyèl aktyèl lan, Gouvènè Cuomo te rejwenn demann Manm Kongrè a Nydia Velázquez pou mete yon komisyon pou mennen ankèt imedyatman sou repons federal la, sou kantite moun ki te mouri ak nenpòt neglijan oswa echèk pou reponn yon fason ki apwopriye, menm jan ak preparasyon, repons, ak rekiperasyon pou dezaz yo.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon Kongrasyonèl New York la (New York Congressional Delegation) kontinye defann Pòtoriko pou yo ka resevwa èd federal yo bezwen ak merite. An desanm lan, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Rosselló ak manm Delegasyon Kongrasyonèl New York la te pibliye yon Rapò Evalyasyon Rebati Pi Byen (Build Back Better Assessment Report) ki te mande yon pakè èd federal 94.4 milya dola pou ede Pòtoriko rebati pi solid. Plan an te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt bagay toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak premye sekouris, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesese a se 94.4 milya dola.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite [pajwèb](#) Efò Sekou ak Rekiperasyon Empire State Gouvènè a te mete sou pye a pou ede Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)